



## **Le TPS Ayiti- Kouman Ou Fè Enskripsiyon**

Eske ou se on sitwayen Ayisyen Ozetazini ki pa ka retounen an Ayiti pou tèt tranbleman te 12 janvye an? Si ou nan sitiyasyon sā, ou ka kalifye pou'w aplike pou Pwoteksyon Estati Pwovizwa ou byen "TPS".

TPS se sa sekrete Homeland Sekirite an chwazi pou li rekonèt sitwayen sèten peyi kipa ka retounen lakay yo pou tèt sitiyasyon tanporè. Sitiyasyon tanporè sa yo se: batay zam san rete, katastrof nan environman, ou byen lòt sikonsans ekstrawòdinè. TPS pèmèt benefisyè yo pou yo rete Ozetazini epi travay legalman pou on tan byen detèmine. Le 15 janvye, sekrete Homeland Sekirite an deziyen Ayiti pou TPS.

Pou' w kalifye pou TPS jan li ye kounyen an, men kondisyon yo:

Ou fèt pou'w on sitwayen ayisyen, ou byen yon moun ki pa gen nasyonalite men ki te rete an Ayiti, epi rete isit Ozetazini depi 12 janvye 2010,

Fòk ou PAT janm kondane pou oken krim ou byen de ou plis ti zak, isit Ozetazini.

Fòk ou te la fizikman isit Ozetazini depi 21 janvye 2010, dat piblikasyon avi Rejis Federal-la; epi fòk ou tonbe nan kategori etranje ke yo kapab kite rantre nan peyi an, epi fòk ou kalifye pou TPS jan lalwa mande'l; epi

An fenn kont, asire nou ke nou ranpli tout sa ki nan aplikasyon TPS lan, jan ke yo esplike li nan avi Rejis Federal TPS lan pou Ayiti.

Pou 'w enskri, ou dwe ranpli aplikasyon Pwoteksyon Estati Pwovizwa (Fòm I-821) ansanm ak aplikasyon pou pèmi travay (Fòm I-765) ak tout frè ki nesesè ou byen fòm pou pa peye frè.

Menm si ou pa vle on pèmi travay, fòk ou ranpli fòm I-765 lan kan mèm, men ou pa'p gen pou peye pou li. Pou ke yo kolekte enfòmasyon, tout moun k'ap mande TPS fèt pou ranpli fòm sā.

Tout fòm sa yo disponib. Pou nou jwen yo rele nan nimewo gratis USCIS Forms Hotline (800) 870-3676 ou byen chèche fòm lan nan wèbsayt [uscis.gov](http://uscis.gov).

Pou'w ka konnen frè aplikasyon ak biometri ke ou gen pou peye an, silvouple gade nan paj ki gen tablo sou "TPS Haiti", anba 'Temporary Protected Status' seksyon nan wèbsayt [uscis.gov](http://uscis.gov).

Si ou pa ka peye frè enskripsiyon ak/ou byen frè biometri an, ou fèt pou'w voye on demand pou retire frè an ak bon pyes ki ka montre ke ou pa ka peye. Si ou bezwen plis infòmasyon pou'w ka konnen ki jan pou'w voye yon demand pou retire frè a, silvouple gade nan Q&A lyen nan page TPS- Haiti nan [uscis.gov](http://uscis.gov).

Anplis Fòm I-821 ak I-765 lan, ou fèt pou 'w voye de foto'w an koulè pou paspò ansanm ak prèv ke omwen ou kalifikye pou TPS.

Pou' w kalifye pou tps, fòk ou prouve ke ou se on sitwayen ayisyen ou byen ke ou se on moun ki pa gen nasyonalite, men ki te abite an Ayiti. Pou'w ka prouve sa, fò'w voye on kopi batistè'w ki montre ke ou te fèt an Ayiti ou byen tou on kopi paspò ayisyen ou, menm si'l fini.

Si ke ou pa gen on paspò ayisyen epi ke ou pa ka jwen batistè ou an Ayiti a kòz de katastrof lan, w'ap gen pou prezante lòt kalite prèv. Lòt kalite prèv sa yo gen dwa se nenpòt pyès ke ou te deja genyen nan men'w ki sòt an Ayiti, kankou ak batèm ou byen papye lekol Ayiti. Si ou pa gen okenn pyès, ou gen dwa soumèt lèt notarye de zanmi proch ou ak manm fanmi ou ki ka bay detay sou dat ak kote ke ou te fèt, epi ki jan yo fè konnen enfòmasyon sā.

Si ou san peyi, epi ou pa gen nasyonalite, epi tou se an Ayiti ke ou te rete, fò'w ka bay on deklarasyon pou'w esplike pou ki sa ke ou pa gen peyi epi ou pa gen pyès de Ayiti ki montre ke ou te rete la. Si pyès sa yo pa disponib ou gen dwa prezante lèt notarye de zanmi proch ou byen manm fanmi ou ki konen lè ou te rete an Ayiti.

Si gen nan pyès yo ki pa an angle, ou fèt pou tradui yo an angle. Moun ki tradui pyès sa yo, fòk li sètifye epi fòk ecrit ni an angle ni nan lang ke la'p tradui an.

Fòk prèv yo ka montre ke ou te rete isit Ozetazini depi le 12 janvye 2010, epi ke ou te toujou la Ozetazini depi 21 janvye 2010, dat piblikasyon avi Rejis Federal-la te chwazi Ayiti pou TPS.

Lèt travay avan ak kounyen an ki montre kote ou te travay, bòdwo lwave, souch chèk, lèt bank, kanè lekol ou byen lòt pyès ke ou genyen se de ekzanz prèv ke ou ka bay, men ou ka vini ak lòt bagay pou'w montre ke ou te toujou rete fizikman isit Ozetazini.

Pou voye aplikasyon lan ou ka jwen adrès la nan page TPS-Haiti nan uscis.gov ou byen anba Haiti TPS federal register notice.

On fwa ke ou voye aplikasyon lan, li pwal pase nan plizyè etap- enskripsyón, dat rendevou, ak biometri an ansanm ak desisyon nan ASC. Pandan peryòd ya'p fè enskripsyón yo, yo pwal revise aplikasyon nan pou yo asire yo ke tout bagay konplè. Si li konplè, ou pwa'l resevwa on papye ki genyen nimewo resi'w lan ladan. Li trè zenpòtan ke ou kenbe papye sā, paske se ak nimewo resi sā, pi devan, ka'p pèmèt ou jwen enfòmasyon osijè de ka'w lan. On ti tan apre enskripsyón yo, ou pwal resevwa on papye ki di'w ki lè ak ki kote w'ap gen pou ale nan randevou biometri ou lan, nan sant sipò pou aplikasyon ke yo rele ASC. Si pou nenpòt ki rezon ou pa kapab vini nan dat randevou asc te ba'w lan, ou gen dwa mande on lòt randevou. Sepandan, silvouplè, na'p fè'w konnen ke sa ka bay anpil reta nan travay sou aplikasyon lan, epi sa ka kòz ke anpil tan pase avan ke ou resevwa on lòt randevou de ASC.

Apre enskripsyón ak biometri a, ka'w la ap avanse nan pwen pou yo pran on desisyon, kote yo pwa'l travay sou aplikasyon lan. Si ou aplike pou on pèmi travay (fòm i-765) w'ap resevwa on desisyon sou li avan. Kèk mwa apre, n'ap voye on lòt desisyon ba ou sou aplikasyon tps ou an.

Silvouple fè atansyon ak bann raketè ki ka fè nou konpran ke yo konn ranpli fòm TPS pou yo ka eseye pran avantaj sou nou. Menm moun sa yo ka mande'w pou 'w peye yo pou yo ranpli fòm sa yo. Nou vle pou ke tout aplikan pou TPS konnen ki jan pou yo jwen bon jan, konsey korèk ak asistans.

Ou ka jwen on lis moun ki ka reprezante'w gratis, ou byen pou ti kal kob nan wèbsayt USCIS anba resources/finding legal advice. Nou espere ke w'ap itilize mwayen sā.

Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon estati pwovizwa pou ayisyen, ale nan [www.uscis.gov/haitianearthquake](http://www.uscis.gov/haitianearthquake), Haiti TPS nan uscis.gov.

Se la ou ka jwen tout fòm nesesè, sou jan pou'w ranpli, on rezime de sa ou bezwen pou TPS, ak ki jan pou'w enskri, ansanm ak tout enfòmasyon sou lòt solisyon ki genyen si ou pa ka jwen TPS.

Ou gen dwa rele USCIS National Customer Service Center nan: 1-800-375-5283 ou byen nan 1-800-767-1833 (TTY).

Nou espere ke enfòmasyon sā itil ou. Depatman Homeland Sekirite voye senpati li a tout vwazen ayisyen li yo, epi li sipòte tout jan ak tout efò soulajman ke lemon ap pote kounyen an.